



Pou Piblikasyon Imedya: 23/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL, OFISYÈ ELI YO AK LIDÈCHIP MTA VIZITE TINÈL METWO
SECOND AVENUE AN**

Nivo istorik opòtinite sibvansyon Federal pou ekspansyon transpò piblik la disponib nan pwojè lwa pou enfrastrikti ke Prezidan Biden te siyen

*MTA te soumèt demann sibvansyon pou Faz 2 ekstansyon Metwo a pou rive
125th Street*

*Ekstansyon an pral gen twa nouvo estasyon Metwo, nan 106th St, 116th St ak
125th St*

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul rejwenn ofisyèl eli yo ak lidè yo nan Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) an pou vizite sit ekspansyon Metwo Second Avenue an ki ta pwolonje liy Second Avenue an rive nan 125th St nan East Harlem. Lwa sou Envestisman ak Travay nan Enfrastrikti (Infrastructure Investment and Jobs Act) ke Prezidan Joe Biden te siyen an te bay 23 milya dola nan nouvo opòtinite sibvansyon pou ekspansyon transpò piblik, yon nivo finansman istorik ki double kantite sibvansyon ki disponib pou gwo pwojè tankou Faz 2 Metwo Second Avenue an. MTA te soumèt yon demann sibvansyon bay Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Etazini an pou Faz 2 ekspansyon an ki pral gen ladan konstriksyon twa nouvo estasyon tren, nan 106th St, 116th St, ak 125th St nan East Harlem.

"Nouyòkè yo reve gwo epi yo aji gwo, epi plan pou Faz 2 ekspansyon metwo Second Avenue an debloke potansyèl enkwayab nou an pou bay kominote yo enfrastrikti transpò ak ekite yo pral bezwen pou fè konpetisyon ekonomikman", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen vle remèsye Lidè Majorite Sena a Schumer, Senatè Gillibrand, Manm Kongrè Espailat ak delegasyon Kongrè nou an pou travay enfatigab yo pou sekirize resous ki ka ede nou reyalize pou East Harlem yon pwojè yo te pwomèt pandan plizyè deseni pase."

Apre 70 pousan rezidan East Harlem yo itilize transpò piblik pou ale travay, sa ki pi wo pase mwayèn 55 pousan vil la. Ekspansyon Metwo Second Avenue an ta ede avanse objektif Administrasyon Biden lan ak Eta New York pou ekite transpò epi li ta amelyore aksè kominote lokal la ak travay, swen sante, ak lòt sèvis, pandan l ap diminye konjesyon nan Lexington Avenue epi amelyore kalite lè a.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa MTA, Janno Lieber, te deklare, "Pandan plizyè deseni yo pale sou ekspansyon Metwo Second Avenue an, epi gras ak plizyè milya dola k ap vini nan New York nan pake enfrastrikti a, nou ka finalman sispann pale epi kòmanse fè aksyon. MTA pare pou avanse nan pwojè sa a ki pral benefisye East Harlem yon fason sinifikatif, yon kominote ki defavorize ki depann anpil sou transpò piblik pou ale travay ak lekòl. Li pral soulaje anbouteyaj tou sou Liy Lexington Avenue an, ki sèvi plis pasaje chak jou pase sistèm tren Boston, Chicago ak San Francisco konbine."

[Faz 1](#) pwojè a pwolonje liy Q a soti nan 63rd St rive nan 96th St epi se te pi gwo ekspansyon sistèm metwo Vil Nouyòk la nan 50 ane. Sèvis la te ouvri nan dat 1e janvyè 2017, ak estasyon adisyonèl nan 72nd St ak 86th St. Depi li te fini, Metwo Second Avenue an te pote plis pase 130 milyon pasaje epi li te pote plis pase 200,000 pasaje nan yon jou anvan pandemi an. Segman tinèl yo pral itilize pou Faz 2 a te konstwi nan ane 1970 yo soti 110th St rive 120th St otou Second Avenue.

Enfòmasyon Rapid ou Dwe Konnen yo

- Faz pwojè sa a pral pwolonje sèvis tren soti nan 96th St nan nò rive nan 125th St, apeprè 2 km.
- Pwal gen nouvo estasyon nan 106th St ak 116th St nan Second Ave ak 125th St nan Park Ave.
- Faz 2 pral bay koneksyon dirèk pou pasaje ak liy metwo Lexington Avenue (4/5/6) nan 125th St ak yon antre nan Park Ave pou pèmèt transfè pratik nan Estasyon Metro-North Railroad 125 St la.
- Chak estasyon pral gen batiman oksilyè an sifas tèren ki ebèje ekipman vantilasyon mekanik ak elektrik. Sa yo pral gen ladan espas pou komès an detay posib nan premye etaj la.
- Ekspansyon pral sèvi yon lòt 100,000 pasaje chak jou.
- Li pral bay twa nouvo estasyon ki aksesib ak ADA - ogmante ba pou konfò ak komodite kliyan an.
- Ogmantasyon koneksyon transpò piblik miltimodal nan estasyon 125th St - ak koneksyon ak tren 4/5/6, Metro-North ak Sèvis Otobis M60 Select nan Ayewopò LaGuardia, sa ki pèmèt transfè pratik nan direksyon lòt liy ray ak metwo, sa ki fasilite transpò ki pi fluid, pi rapid atravè vil la ak rejyon an.

Manm Kongrè Adriano Espaillat te deklare, "Lwa sou Envestisman ak Travay nan Enfrastrikti a pral revitalize enfrastrikti transpò nasyon nou an ki delabre; sa ki gen yon gwo enpak sou pwojè atravè Vil ak Eta New York, ki gen ladann distri kongrè mwen an. Youn nan pwojè sa yo t ap tann depi lontan se ekstansyon Faz II Metwo Second Avenue an, ki aktyèlman annatant apwobasyon Administrasyon Transpò Federal (Federal Transit Administration, FTA)", deklarasyon Manm Kongrè a Adriano Espaillat (NY-13). "Mwen kontan anpil pou mwen rejwenn Gouvènè Hochul ak MTA pandan vizit jodi a nan gwo pwojè transpò piblik sa a ki pral gen yon enpak transfòmatif sou elektè m

yo ak rezidan yo atravè Vil ak eta New York la - epi pwomote efò kolektif nou yo pou rann transpò piblik yo pi an sekirite ak pi aksesib pou tout rejyon nou an."

Manm Kongrè Jerrold Nadler te deklare, "Mwen kontan anpil pou m rejwenn Gouvènè Hochul ak lidè yo atravè vil la pou vizite konstriksyon tinèl metro Second Avenue an. Pwojè sa a ak anpil lòt pa t ap posib san finansman ke yo te resevwa nan Lwa sou Envestisman ak Travay nan Enfrastrikti a, ke mwen te adopte ansanm ak kòlèg Demokrat mwen yo nan Chanm lan. Lejislasyon sa a bay New York plis pase 10 milya dola pou pwojè enfrastrikti enpòtan pou elaji rezo transpò piblik an mas nou an, amelyore opsyon transpò piblik yo, ki gen ladan liy otobis ak bisiklèt yo, epi investi nan kominote nou yo. Lè ekspansyon Second Avenue an fini, li pral ede plizyè milye fanmi travayè ki pa sèvi ase pa transpò piblik yo deplase san danje epi yon fason efikas."

Carolyn Maloney, ki se Manm Kongrè, te deklare, "Faz 2 Metwo 2nd Avenue pral sèvi Nouyòkè yo soti 96th rive 125th Streets, ki konekte East Harlem ak sant vil la, zòn sid Manhattan, ak Brooklyn. Li pral kreye travay ak jenere kwasans ekonomik. Mwen te fyè pou m dirije efò pou konstwi Faz 1 an, e mwen pa ka tann pou mwen travay avèk Gouvènè Hochul, Janno Lieber, ak Manm Kongrè Adriano Espaillat pou wè Faz 2 fini."

Senatè José Serrano te deklare, "Ekspansyon Metwo Second Avenue an ke yo te prevwa depi lontan an pral amelyore kalite lavi yon fason sinifikatif pou plizyè milye Nouyòkè k ap viv, travay oswa ale lekòl nan East Harlem. Pandan Nouyòkè yo retounen nan tren an, Faz 2 ka pote soulajman ki nesèsè anpil nan tren ki gen twòp moun ak mank aksè ak liy Lexington Avenue an. Mwen kontan paske pwojè sa a pral kapab pwofite nouvo finansman federal, epi mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Manm Kongrè Espaillat pou angajman yo pran nan ekite transpòtasyon nan Vil Nouyòk."

Senatè Eli Cordell Cleare te deklare, "Mwen kontan anpil paske pwojè sa a ke yo t ap tann depi lontan yo finalman ap atreprann li nan Harlem. Sa pral pote opòtinite ekonomik nan katye a epi li pral konekte rezidan Harlem ak lwès Chester ak rès vil la. Mèsi Gouvènè Hochul paske li finalman te fè ansyen pwomès sa a rive reyalyte epi li t ap amelyore anpil lavi moun ki nan kominote Harlem la."

Manm Asanble Al Taylor te deklare, "Mwen kontan wè lajan federal yo sèvi byen nan kominote lakay mwen nan Harlem. Ekstansyon sa a ki nesèsè anpil pral rann lavi elektè m yo nan 71èm distri a pi fasil, pi vit ak pi agreyab. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul dèske l asire faz 2 pwojè sa a ap kontinye epi mwen ka tann pou li fini."

Manm Asanble Rob Rodriguez te deklare, "Sa a se pi gwo ekspansyon sistèm metwo Vil New York nan plis pase 50 ane epi li pral elaji sèvis nan Second Avenue an nan Upper East Side nan East Harlem. Dezyèm faz pwojè a, ant E 125th ak E 96th Streets, eta a te atribye 1.035 milya dola nan faz 2 pwojè Second Avenue pou elaji sèvis nan East Harlem, ak objektif pou kreye ekite transpò piblik, pliske kominote nou an depann sou aksè rapid pou lavi chak jou a. Liy Lexington Avenue nan New York City Transit se youn nan liy transpò piblik ki pi okipe nan peyi a. Ekspansyon liy Second Avenue sa a pral pèmèt transfè pratik nan direksyon lòt liy ray ak metwo - sa ki pèmèt transpò pi

rapid ak pi fasil atravè vil la ak rejyon an. Twa nouvo estasyon yo ansanm ak premye faz pwojè a pral ogmante kantite pasaje yo a 300,000 pasaje chak jou. Nouvo estasyon sa yo pral pèmèt rezidan East Harlem yo ak vizitè yo yon vwayaj nan yon sèl chèz jiskaske yo rive nan Midtown ak yon koneksyon ak lòt pati nan vil la."

Prezidan Awondisman Manhattan nan Gale A. Brewer te deklare, "Faz II nan Metwo Second Avenue an san dout se pwojè enfrasikri ki pi enpòtan nan minisipalite Manhattan lan kounye a. Nonsèlman li pral bay tan transpò ki pi rapid nan kominote East Harlem lan epi redwi anbouteyaj nan liy Lexington Avenue an, men li pral jenere plizyè santèn djòb dirèk ak endirèk, ki ta dwe prensipalman ale nan menm kominote East Harlem lan. Felisitasyon pou kòlèg eta nou yo, ki gen ladan Gouvènè Hochul, paske yo te defann pwojè sa a chalerezman ak tout kòlèg federal nou yo paske yo te sipòte finansman, sitou atravè Pwojè Lwa sou Enfrasikri Bilateral (Bipartisan Infrastructure Bill, BIF)."

Manm Konsèy la, Diana Ayala te deklare, "Mwen kontan tande pale de kòmansman faz de nan Metwo Second Avenue an. Finansman ki deziyen ki soti nan pwojè lwa enfrasikri ki fèk apwouve a pral kreye plis aksè ak yon sistèm transpò ki pi efikas. Agrandisman sa a pral pèmèt plizyè milye elektè yo gen yon vwayaj alè pou ale ak soti nan biwo yo; amelyore vwayaj lekòl timoun yo; epi ogmante vizit touris nan kominote East Harlem nou renmen anpil la. Mwen vle remèsye Senatè Schumer, Manm Kongrè Espailat ak Gouvènè Hochul pou efò ak defans enfatigab yo nan fè sa reyalize."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418